of early forms of theatrical information, and the development of theater criticism as a genre. Special attention is paid to the institutional development of theater journalism in Russia and Uzbekistan. The study highlights the transformation of theater journalism during the independence period and its expansion within modern media platforms. The article concludes that theater journalism plays a significant role in shaping public opinion and supporting the development of theatrical art.

## ЭССЕ – КӨРКЕМ ПУБЛИЦИСТИКАЛЫҚ ЖАНР СЫПАТЫНДА

**Гуззал Отепбергенова –** *доцент ў.ў.а*
*Филология илимлери бойынша философия докторы (PhD)*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** эссе жанри, эссе жанрининг асосий хусусиятлари, роман жанрларида эссе унсурларини, роман-эссе, очерк-эссе, мемуар-эссе.

**Ключевые слова:** жанр эссе, основные особенности жанра эссе, элементы эссе в жанрах романа, роман-эссе, очерк-эссе, мемуар-эссе.

**Key words:** the genre of the essay, the main features of the essay genre, the elements of the essay in the novel genres, the novel-essay, the essay-essay, the memoirs-essay.

### Кирисиў (Introduction)

XX әсирдиң соңғы шереги ҳәм XXI әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятында жаңа заманагөй жанрлық формалардың енисип киятырғаны сезилерли дәреже де көрине баслады. Мәселен, соңғы 10 жыллықтағы қарақалпақ әдебиятында қоспа жанрлар менен бир қатарда фэнтези, драбль жанрлары ҳәм сондай-ақ, интернет әдебияты деген түсиниклер, жаңалықлар пайда болмақта.

Ҳәзирги дәўир әдебиятында прозалық шығармалардың эсселесиў тенденциясы, яғный эссе жанры менен басқа прозалық шығармалардың (роман, повесть, гүрриң, мемуар, новелла, очерк ҳәм т.б.) қоспа ҳалаттағы көринислери көзге тасланбақта. Әлбетте, бул процесс дүнья әдебиятында бақланып атырған әдебий қубылыс болып, оның бизиң әдебиятымызға да тәсир жасап атырғанлығын сезиўге болады. Солай екен, бүгинги әдебий процессте очерк-эссе, роман-эссе, повесть-эссе, эссе-новелла, репортаж-эссе мемуар-эссе, детектив-эссе, тарийхый-публицистикалық-эссе, этно-тарийхый эссе ҳәм т.б. қоспа жанрлық формалардың пайда болыўы, қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы пикиримиздиң айқын дәлийли. Усы жанрлық формалар дәслеп Т.Қайыпбергенов дөретиўшилигинде көрине баслады. Оның «Қарақалпақнама», «Қарақалпақпан-тәўекелшимен», «О дүньядағы атама хатлар» роман-эсселери ҳәм «Қәлбимниң қамусы» репортаж-эссеси қоспа жанрлық формалардың тийкарын қурайды. Буннан соң бүгинги әдебий процессте К.Смамутовтың «Сизлерге айтып кетежақпан», Ш.Уснатдиновтың «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр», «Полат Мадреймов – биринши қарақалпақ балетмейстри», «Шайырдың жаслығы», «Ибрайым Юсупов», С.Баҳадырованың «Жигирма тоғыз жастан елиў жасқа шекем тюрьмада» повесть-эссе ҳәм роман-эсселери әйне пайытында қоспа жанрлық талапларына жуўап береди. Бирақ, соңғы дәўирлерде әдебиятымызда роман-эссе жанрында шығарма жазыў үрдиске айланып, айырым жазыўшылардың шығармалары усы жанрдың талапларынан узақласыңқырап, тарийхый-публицистикалық, илимийлик ҳәм мемуарлық сыпат басымырақ роль атқарып кеткенлиги айқын көзге тасланып тур. Жазыўшы О.Әбдирахмановтың дөретиўшилигинде де қоспа жанрлық формалардың үлгилери, яғный «Аралым - дәртим мениң», «Арал – аппақ дийўал алдында», «Сайғақлардың көшпели тәғдири» очерк-эсселери, «Мырзаның изи» детектив-эссеси бүгинги әдебиятымыздағы айрықша әдебий қубылыс болып табылады. Демек бүгинги әдебиятымызда эссе жанрының пайда болыўы ҳәм оның басқа жанрлық формалар менен синтезлесиўи ҳәм араласыўын, әдебий процессте жетекши фигураға айланыўын

сезе отырып, оның тарийхый раўажланыў эволюциясы бизди қызықтырды.

**Әдебиятлар анализи ҳәм метод/ (Materials and methods)**

Эссе сөзиниң келип шығыў этимологиясына итибар беретуғын болсақ, ол латынша – exaquim – «ойлап көриў», «салыстырып көриў», французша – essai – «сынап көриў», «тексерип көриў, «очерк», «мақала» деген түсиниклерди билдиреди. [5.477] Эссе еркин композициялық қурылысқа ийе, анық ўақыялар, турмыслық проблемалар, шешимлер ҳаққында автордың жеке индивидуаль түсиниклери сүўретленетуғын прозалық шығарма. Ол предметти ҳәр тәреплеме баҳалаўды мақсет етпейди.

Эссе философиялық, тарийхый-библиографиялық, публицистикалық, әдебий-критикалық, илимий-ағартыўшылық сыпатларды өзинде жәмлеп, онда субъективлик сыпат жетекшилик етип, автордың көзқарасы бойынша баҳалаў принципи көзге тасланады. Жанрдың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи ҳаққында илимпазлар әййемги заманларда Батыс Европада пайда болғанлығы ҳаққында яғный ертедеги Платон, Ориген, Тертулиан, Майстра Экхарта, Лютерлердиң шығармалары мысалында дәлиллеўге ҳәрекет етеди. Бирақ, булар эссе жанрындағы шығарма, сол жанрдың толық талапларына жуўап береди деп кесип айтыў, дәлийллеў қыйын. Деген менен усы жанрдың белгилери, нышанлары көзге тасланғанлығынан болса керек. Бундай эсселик сыпатлар яғный эссе жанрының элементлери Шығыс халықларындағы әдебий естеликлерде де ушырасады.

**Талқылаў (Обсуждение/Discussion)**

Шығыс классикалық прозасында сюжет қурыў процессинде автордың ақыл-парасат, ой-сезим дүньясы бас қаҳарман ўазыйпасын атқарған эссе сыяқлы жанрлар жүдә ерте дәўирлерден белгили болған. Илимпазлардың пикиринше әййемги тасқа қашап жазылған битиклер, халық аўызеки дөретиўшилигиниң түрли жанрларына тән болған шығармалар, «Қуръаны кәрим муҳаддес китабы», «Авесто», «Оғузнама», «Муҳаббатнама», «Қабуснама», «Қорқыт ата китабы», «Девану лағатит-түрк», «Қутадгу-билик» ҳәм т.б. тарийхый-әдебий жазба естеликлерде де эссе жанрына тән болған белги-нышанлар ушырайды. [4.9] Сондай-ақ, Әбиў Райхан Беруний, Әбиў Әлий Ибн Сина, Әлийшер Наўайы ҳәм Мырза Бабур дөретиўшилигинде де эссе жанрында тән болған белгилер: нама, еслеў, көзқарас ҳәм т.б. формалар көзге тасланады. Өзбек әдебияттаныў илиминде Сайди Умиров Заҳириддин Муҳаммед Бабурдың «Бабурнама» мемауры синкретикалық характерге ийе екенлиги ҳәм онда очерк, эссе жанрына тән болған белгилердиң, қоспа жанрлық қәсийетлериниң уйғынласқанын атап өтеди. [6.76-79]

Солай етип, эссе жанрының тийкарын салыўшы, бул жанрдың теориясын, тарийхый раўажланыў эволюциясын изертлеген алымлар француз жазыўшысы, философ Мишель Монтень деп тән алыўшылық дүнья әдебияттаныўында жетекшилик етеди. Жазыўшының «Тәжирийбелер» шығармасы әйне усы жанрдың келеси раўажланыў басқышларына тийкар болды деп есаплайды. Мишель Монтень өзиниң «Тәжирийбелер» шығармасында жәмийетлик, дүньялық ой-сезимге эффект беретуғын тек ғана өзиме тийисли жеке пикиримди, көзқарасларымды билдиремен деген екен. Белгили бир аймақ, орталықта ғана өмир сүретуғын қағыйдаларға бойсынбайтуғын эсселик стильдиң өзиншеликлерин Мишель Монтень: «Бақлаўларыма қарағанда, мениң ой-пикирлеримниң тереңлесиўи соншели, оларға өзим де ийе бола алмайтуғын сыяқлыман» [3.656]деп айтады.

Көпшилик әдебиятаныўшы алымлар эссениң тәбияты менен жанрлық сыпатларын белгилеўде Монтеньниң пикирлерин басшылыққа алады. Эссе сөзиниң мәнисиниң өзи айтып турғанындай, оның сыпатлы белгилери автор тәжирийбелеринде көринеди. Сонлықтан да, инсан баласының мәдениятты үйрениўи менен оны турмысқа енгизиўде, пайдаланыўда жыйнаған тәжирийбеси эссениң тийкарғы үстини бола алады. Изертлеўши Е.П. Зыкова «Монтень дөретиўшилиги қурамалы өтиў дәўирине туўра келди… …эсседе автор образы әтирапында ҳәр қыйлы эмпирикалық фактлер жыйындысы көринеди» - деп «тәжирийбениң» жеке инсан сезими менен ақыл-ойының

жыйнақлы уғым екенлигин атап өтеди. [7.67] Эссе жанрын изертлеген рус әдебиятаныўшылары оның турмыслық тәжирийбе, жеке адамның яғный автордың дүньяны аңлаўы, көрип-билгени, сезгени, турмыстан түйген тужырымлары екенлигин айтады. Сол себептен де эссени «философиялық» ҳәм «әдебий» деп жиклеўге (классификация) болатуғынлығын белгилеп өтеди. Солай етип, И.И.Щербакова, Р.Р.Москвина, Н.Глушков ҳәм т.б. изертлеўшилер эссениң өзине тән өзгешеликлерин айта келип, рус әдебиятындағы эссе жанрындағы шығармалардың тийкары Батыс әдебияты дәстүрлери менен тығыз байланыслы екенлигин атап өтеди.

## Нәтийжелер (Results)

Эссе бүгинги, өткен ҳәм келешекти шынлық пенен қайта жаңартыўға бағыт алған дереклер, күнделиклер, саяхат жазбалары, биография менен автобиографиялар, мемуаристика, эпостолография сыяқлы лирикалық проза түриндеги жанрларды өзинде жәмлейди. Эссеистикада философиялық уғыныў мотиви шәртли түрде гезлеседи.

Өзбек әдебияттаныў илиминде Марҳабо Қўчқорава «Ҳәзирги өзбек әдебиятында эссе жанры» атамасындағы илимий изертлеў жумысында XX әсир өзбек әдебиятында эссешилик мектеплерин жаратқан Саид Аҳмад, П.Қодиров, Ш.Қолмирзаев қәлемине тийисли болған эсселер мысалында жанрдың генезиси ҳәм эволюциясы XX әсир Батыс-Шығыс әдебиятындағы қәлиплесиўи тарийхын жазыўшылар дөретиўшилиги мысалында бақлаў ҳәм соның менен бирге эсседе сюжет, композиция, қаҳарман проблемасы мәселелери изертленеди. Солай етип илимпаз «…прозаның роман, повесть, гүрриң жанрларында да эссе элементлерин (пикирлеў, философиялық ойлаў, тәжирийбе) табыў мүмкин» [2.4] деген пикирлерди билдиреди. Өзбек миллий әдебиятында диалог-эссе, мақала-эссе, эссе-естелик, гүрриң-эссе, повесть-эссе, роман-эссе терминлериниң пайда болғанлығы ҳаққында айтып өтеди.

Эссени жанрлық жиклеўде (классификациялаўда) көпшилик алымлар ҳәр қыйлы концепцияларды усынады. Мәселен, қазақ әдебияттаныўында Д.Ысқақулы эссени көркем жанр екенлигин, эсседе «илимий таллаўдан көре авторлық позиция, дөретиўшилик тәжирийбелерине тийкарланған ой-пикирлер басым, шағын көлемли, еркин, көркем әдебий стилде жазылатуғынын айта келип, онда критикалық (сынлық) сыпаттың басым екенлигин билдире отырып, сын (критика) жанрлары сыпатында баҳалайды. [1.16]

## Жуўмақ (Conclusion)

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде де эссе жанры үйренилген. Атап айтқанда, Б.Палўановтың «Қарақалпақ әдебиятында эссе жанры» деп аталған илимий изертлеў жумысы эссе жанрының қарақалпақ әдебиятында пайда болыўы, қәлиплесиўи, раўажланыўы ҳәм шеберлик мәселелерин изертлейди. Изертлеўши бул жумыста Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама», «О дүньядағы атама хатлар» роман-эсселери «Түркийнама», «Қәлбимниң қамусы» сыяқлы эссе-хат, эссе-естелик репортаж-эсселерин изертлеў жумысының объектине айландырады.

Улыўмаластырып айтатуғын болсақ, әдебиятымызда Т.Қайыпбергенов, Ш.Уснатдинов, М.Нызанов, К.Смамутов, С.Баҳадырова, О.Абдирахманов, Ө.Өтеўлиев, С.Ибрагимов ҳәм т.б. жазыўшылар дөретиўшилигинде эссе жанры менен уйғынласқан, мемуар-эссе, роман-эссе, повесть-эссе, очерк-эссе ҳәм т.б. қоспа жанрлық формалар пайда болған. Бул жанрдың әдебиятымызда түрли жанрлар менен араласыўы, жанрдың эволюцион раўажланыўы, әдебий процессте жетекши қоспа жанрлық формаларға айланыўын үйрениў әҳмийетли илимий мәселелериниң бири екенлигин айрықша атап өтиў керек.

## Пайдаланылған әдебиятлар

1. Ысқақұлы Д. Сын өнері: Әдеби сынның теориясы: оқу құралы. – Алматы: ҚАЗақпарат, 2001

2. Қўчқорова М. Ҳозирги ўзбек адабиётида эссе жанри. – Филол. фан. номз. дис... автореф. – Т., 2004. – Б.4.

3. Мишель Монтень Опыты: избранные главы. – Москва: Правда, 1991. С.656.
4. Палуанов Б.А. Қарақалпақ әдебиятында эссе жанры (Жанрдың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи, шеберлик мәселелери). – Филол. фан. номз... дисс. автореф. – Нукус, 2002. – Б.9.
5. Словарь литературоведческих терминов (редакторы –составители Л.И.Тимофеев, и С.В.Тураев) – Москва: Просвещение, 1974. С.477.
6. Умиров С. «Бабурнома» - бадиий мақоланависликнинг гўзал намунаси // Жаҳон адабиёти, 2002. №2. Б.76-79.
7. Зыкова Е.П. «Опыты» Монтеня и проблема зарождения эссе // филологические наука. – 1980. №4. 67с

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада эссе жанрининң назарияси, генезиси, замонавий дунё адабиёти вакиллари сезиларли даражада ижод қилиб келиши ва пайда бўлиши манбалари, шаклланиш босқишлари, ривожланиш тарихи сўз этилган. Бул жанрнинг қорақалпоқ адабиётида пайдо бўлиши ҳақида баён қилинади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается о теории, генезисе жанра эссе, источниках значительного творчества и возникновения представителей современной мировой литературы, этапах формирования, истории развития. Излагается о возникновении этого жанра в каракалпакской литературе.

**SUMMARY.** The article discusses the theory and genesis of the essay genre, the sources of creation and emergence of representatives of modern world literature, the stages of its formation, and the history of its development. The emergence of this genre in Karakalpak literature is described.

## QARAQALPAQSTAN TELEVIDENIESINIŃ SOCIALLÍQ RAWAJLANÍWDAǴÍ ORNÍ

**A.K.Utepbergenova** – *tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktori (PhD)*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** televideniye, ommaviy axborot, muharrir, rejissyor, operator, ko‘rsatuv.
**Ключевые слова:** телевидение, массовая информация, редактор, режиссер, оператор, шоу.
**Key words:** television, mass information, editor, director, cameraman, show.

Ekonomika rawajlanıwınıń qıyın dáwirinde de Qaraqalpaqstan sharayatında respublika aymaǵınıń televidenie hám radioesittiriwler menen qamtıp alınıwı derlik 90 payızga jetti. Lekin, soǵan qaramastan, bul tarawda tek ǵana jetiskenlikler, bálki belgili bir kemshilikler de bar edi. 1990-jıllar basındaǵı awır sociallıq-ekonomikalıq jaǵday tek ǵana Qaraqalpaqstan jámiyeti turmısına, bálki televidenie hám radioesittiriw tarawına da úlken tásir kórsetti. Radio hám televidenie, sonday-aq, kúndelikli basılımlar jámiyette júdá kóp túrli funkciyalardı orınlaǵan hám tiykarınan olar adamlardı húkimran ideologiya ruwxında birlestirip, úgit-násiyat, jámiyetlik qadaǵalaw hám tártipke salıw quralı sıpatında háreket etti. Sonıń menen birge, olar mádeniyat, ekonomika, aymaq hám xalıq tariyxına tiyisli hár túrli bilimlerdi, mámleketlik siyasatı hám basqa maǵlıwmatlardı keń sáwlelendirip barıwǵa xızmet etip, hár bir insannıń dem alıwına úles qostı. Lekin, ǵárezsizliktiń dáslepki dáwirinde radio hám televidenieden parıqlı ráwishte, kúndelikli baspasóz óz tariyxında qıyın dáwirdi basınan keshirdi. Sol sebepli, 1990-jıllarda operativ hám basqa maǵlıwmatlardı jetkeriwdiń eń qolaylı hám nátiyjeli quralı sıpatında tiykarǵı júq radio hám televideniege tústi. [1.23]

Sol dáwirde Qaraqalpaqstan televidenie hám radioesittiriw kompaniyasınıń tiykarǵı wazıypaları sıpatında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń jámiyetlik-siyasiy, sociallıq-